

GID TRIBINAL LA



**Enfòmasyon ak Enstriksyon pa
za pa sou kòman pou jwenn
yon Lòd Pwoteksyon**



miami
inclusion
alliance

Entwodiksyon

- Liv sa a pral di ou kijan pou ou jwenn èd si yon moun ap fè ou mal
- Ou ta dwe kapab viv lavi ou san moun pa fè ou mal
- Si yon moun ap fè ou mal, gen fason pou ou jwenn èd
- Yon fason pou ou jwenn èd se pou ou mande yon Jij pou fè moun ki ap fè ou mal la rete lwen ou. Sa rele yon Lòd Pwoteksyon.



Kisa yon Lòd Pwoteksyon ye?

- Yon Lòd Pwoteksyon se yon papye ke yon Jij siyen



- Lòd sa pral di moun ki fè ou mal la:
 1. Sispann fè ou mal
 2. Sispann rele ou nan telefòn oswa voye tèks
 3. Pa pwoche kote wap viv, travay, oswa ale lekòl
 4. Kite kay la si wap viv ansanm
- Li ka pèmet timoun ou yo viv avèk ou
- Sa ka fè moun ki fè ou mal la ba iou lajan si yo se papa/ manman timoun ou yo



Si nenpòt nan bagay sa yo ki endike anba la te rive ou, ou ka jwenn yon Lòd Pwoteksyon pou ka rete ansekirite

Domestic Violence Vyolans Domestik

Sa se lè yon moun wap viv ak li oswa gen pitit ak li fè ou mal



kèk egzanp se: bat, kout pwen, kout pye, rele, krache, ak nenpot lòt bagay ki fè ou mal

Repeat Violence Vyolans Repete

Sa se lè yon moun fè ou mal men li pa abite avèk ou



- Fòk yo fè ou mal omwen 2 fwa
- Fòk sa te rive nan 6 dènye mwa yo

Si nenpòt nan bagay sa yo ki endike anba la te rive ou, ou ka jwenn yon Lòd Pwoteksyon pou ka rete ansekirite

Dating Violence Vyolans nan Frekantasyon

Sa se lè yon moun ou damou oswa entim ak li fè ou mal



- Damou vle di ke ou renmen yon moun oswa li renmen ou
- Entim vle di rapò fizik, tankou sèks

Sexual Violence Vyolans Seksyèl

Sa se lè yon zak sèksyel pat vle rive ou pat vil oswa-ou pat di wi



- Yon zak sèksyel kapab nan vajen, orai, oswa nan dèyè
- Yo kapab itilize fòs fizik oswa menase fè ou mal

Mo enpòtan ak sa yo vle di



Assault Atak

Lè yon moun di li pral fè ou mal



Aggravated Assault Atak Agrave

Lè yon moun di ke li pral sèvi ak yon zam pou fè ou mal



Battery Agresyon

Lè yon moun manyen ou san pèmisyon ou

Mo enpòtan ak sa yo vle di



Aggravated Battery Agresyon Agrave

Lè yon moun manyen ou san pèmisyon ou epi li ap fè ou mal tout tan oswa li gen yon zam, tankou yon kouto oswa yon revolvè.



False Imprisonment Anprizonnman Fòse

Lè yon moun kenbe ou kont volonte ou epi ou pa ka ale



Kidnapping Kidnaping

Lè yon moun kenbe ou kont volonte ou epi ou pa ka ale, epi yo vle lajan oswa yon lòt bagay pou kite ou ale.

Mo enpòtan ak sa yo vle di

Stalking Arasman

Lè yon moun ap swiv ou oswa anbete ou plizyè fwa aprè ou fin di yo sispann



Aggravated Stalking Arasman Agrave

Lè yon moun ap swiv ou oswa annwiye ou plizyè fwa aprè Jij late di yo pou yo sispann oubyen ou gen mwens ke 16 zan.



Mo enpòtan ak sa yo vle di

Temporary Protection Order Lòd Pwoteksyon Tanporè

Se yon fèy papye yon Jij siyen ki di ke moun ki fè ou mal la dwe rete lwen ou. Moun nan dwe rete ant 100 ak 500 pye lwen ou. Sa pral dire 15 jou oswa jiskaske ou gen odyans ou nan tribinal la.

15 Days
15 Jou

Permanent Protection Order Lòd Pwoteksyon Pèmanan

Se yon mòso papye ki di moun ki fè ou mal la dwe rete lwen ou. Si ou gen timoun ansanm li ka di ou kote yo pral viv ak konbyen kòb moun ki fè ou mal la ka gen pou li ba ou. Jij la ap deside konbyen tan li pral dire. Anjeneral se pou 1 ane.

1 Year
1 Ané

Ou dwe mande si ou vle èd

Ou ka mande èd nan 2 kote

1. CVAC

CVAC

CVAC vle di Sant Asistans Kowòdoné pou Víktim yo

- Sa se yon imèb ki gen anpil sèvis pou tout víktim abi yo tout nan yon sèl kote
- Adrès pou CVAC la se 2400 South Dixie Hwy, Miami, FL 33133.
- Yap ede ou ranpli papye nesesè yo pou ou jwenn Lòd Pwoteksyon an
- Yap ede ou tou ak travay, benefis, lojman, ak imigrasyon
- Yap ede ou fè yon plan pou-ou rete ansekirite - sa rele yon Plan Sekirite
- Si ou ta renmen pale ak yon avoka pou ede ou jwenn yon Lòd Pwoteksyon epi ale nan tribinal avèk ou, CVAC ka ede ou.



Ou dwe mande si ou vle èd

Ou ka mande èd nan 2 kote

2. The Courthouse Tribinal la

Gen 5 tribunal nan Miami ki gen yon Biwo Grefye espesyal ki pral ba ou dokiman pou ou ka resevwa yon Lòd Pwoteksyon.

Gen sèvis espesyal CVAC ofri ki pa disponib nan tribunal yo.



Adrès Tribunal Ia



Lawson E. Thomas Courthouse Center Intake Unit *

175 N.W. 1st Avenue
Mezzanine Floor
Miami, FL 33128
(305) 349-5813



Hialeah District Court Intake Unit *

11 E. 6 Street
Hialeah, FL 33010
(305) 520-4031



South Dade Government Center Intake Unit

10710 S. W. 211 Street
Cutler Bay, FL 33189
(305) 252-5807

Adrès Tribunal la



North Dade Justice Center Intake Unit

15555 Biscayne Blvd.
N. Miami Beach, FL 33160
(305) 354-8728



Joseph Caleb Center Intake Unit *


5400 N. W. 22nd Avenue
Miami, FL 33142
(305) 636-2233

**Orè:
9:00 am-4:00 pm
Lendi a Vandredi**

***Avoka Èd Legal sou plas pou ede avèk Odyans
sou Lòd Pwoteksyon Pèmanan: 8:30 am – 4:30 pm
Lendi a Vandredi. (305) 579-5722 Ext. 2229**

Kisa ki pral rive lè mwen ale nan CVAC oswa nan tribunal pou jwenn èd?

1. Ou pral ale nan CVAC oswa
nan tribunal la, epi ou pral
di yo te fè ou mal epi ou vle
yon Lòd Pwoteksyon



2. Ou pral ranpli papye ki di
yon Jij sa ki rive ou

3. Ou pa pral wè Jij la nan
moman sa-a, men li pral li
tout papye ou ranpli yo



4. Si Jij la deside ou an
danje, lap ba ou yon Lòd
Pwoteksyon Tanporè kap
di moun ki fè ou mal la rete
lwen ou.




Kisa ki pral rive lè mwen ale nan CVAC oswa nan tribunal pou jwenn èd?

Sa se yon tan trè danjere




**Kenbe tout papye Jij la ba ou
yo avèk ou tout tan**

Konsèy enpòtan pou ou rete ansekirite aprè ou fin resevwa Lòd Pwoteksyon Tanporè ou an.



Kenbe telefòn
ou chaje tout
tan



Si moun ki fè ou mal
la rele ou oswa voye
yon mesaj tèks-**PA**
REPONN



Konsève tout mesaj
nan telefòn ou ak
tout tèks ki soti nan
men moun ki fè ou
mal la epi pote yo
nan tribinal la



Mache ak tout
papye ou yo/
Lòd Pwoteksyon
Tanporè ou an ak
ou toutan

**Tcheke paramèt sekirite tout aparèy elektronik
ou yo**

Konsèy enpòtan pou ou rete ansekirite aprè ou fin resevwa Lòd Pwoteksyon Tanporè ou an.



Rele 911 si
moun ki fè ou
mal la pwoche
bò kote ou



Fè fanmi ou konnen
ou genyen yon
Lòd Pwoteksyon
Tanporè



Chanje seri yo lakay ou
epi asire ou ke ou ou
genyen limyè deyò pòt
ou ki ka limen



Ale nan yon sant
refij si ou pa santi
ou ansekirite lakay
ou

**Moman ki pi danjere pou ou se lè moun ki fè ou
mal la jwenn papye tribinal yo**

Pwochen etap la se Odyans ou an. Odyans ou an ap fèt nan tribunal la

The Court Tribinal la



Tribinal ki pral ede ou an rele Tribunal Vyolans Domestik

Tribinal sa a gen Jij espesyal ki kapab deside si moun ki fè ou mal la ta dwe rete lwen ou

Pwochen etap la se Odyans ou an. Odyans ou an ap fèt nan tribinal la

Ale nan Tribunal la nan DAT, LÈ, ak ADRÈS ki sou papye yo te ba ou ak Lòd Pwoteksyon Tanporè ou a

Pote tout prèv ou yo: tankou foto, imèl, oswa tèks ki eksplike istwa ou an

Mennen nenpòt zanmi oswa fanmi ki ka ede ou pataje istwa ou ak Jij la



Konsève tout mesaj ak tout tèks ki soti nan telefòn ou

Kisa kap pase jou mwen ale nan tribunal la pou odyans final mwen an?



Ou pral antre nan tribunal la epi wap pase nan yon machin pou detekte metal

Wap bezwen pase tout bagay ou yo ak valiz ou yo nan machin nan

Ou pral pase anba detektè metal la

Chèche nimero egzat sal tribunal la - nimewo sal la sou papye yo te ba ou ak Lòd Pwoteksyon Tanporè ou a.

**Ou pa kapab pote okenn zam
nan tribunal**

Kisa kap pase jou mwen ale nan tribunal la pou odyans final mwen an?

Lè ou rive nan Tribunal la, wap wè yon gason/fanm ki an inifòm ki rele Yisye, epi lap di ou ki kote pou ou chita epi tann Jij la.

Wap tann jiskaske yo rele ka ou an



**Pa chita bò kote moun ki fè ou
mal la**

E si mwen gen yon andikap epi mwen bezwen yon akomodasyon oswa asistans nan tribinal?


Si ou bezwen asistans espesyal pou ou patisipe nan odyans tribunal la devan Jij la, ou dwe mande Kowòdonatè ADA a pou asistans.

Mande pou asistans 7 jou anvan odyans ou an

Di Kowòdonatè ADA a ou gen yon andikap epi ou bezwen aranjman pou patisipe nan odyans tribunal ou a. Pou mande asistans, rele (305) 349-7175 oswa TDD (305) 349-7174

Oswa ou ka FAXS yon demann pou jwenn asistans nan (305) 349-7355

Oubyen ou ka imèl yon demann pou asistans nan: ADA@jud.11.flcourts.org



E si mwen gen yon andikap epi mwen bezwen yon akomodasyon oswa asistans nan tribunal?



**SONJE: Ou dwe mande
pou asistans 7 jou anvan
odyans ou a**

Ki moun kap nan tribunal la

1. Petitioner

Petisyonè-a



Se Non Tribunal la itilize pou moun yo fè mal la epi ki mande yon Lòd Pwoteksyon Pèmanan

3. Witnesses

Temwen yo



Se Fanmi, zanmi, oswa nenpòt moun ki konnen sa ki te pase a pral di Jij la sa yo te wè oswa tandem

2. Respondent

Repondan-an



Se Non Tribunal la itilize pou moun ki te fè moun kap mande èd la mal

4. Lawyer

Avoka Yo



Ou ka gen yon avoka pou ede ou rakonte Jij la istwa ou an. Si ou gen yon avoka, yo pral nan tribunal avèk ou, poze temwen ou yo kesyon, epi poze moun ki fè ou mal la kesyon

Ki moun kap nan tribunal la

5. Judge Jij



Moun ki pral tandé istwa ou an. Li pral koute sa tout moun gen pou di epi li pral deside si moun ki te fè ou mal la vyole lalwa.

6. Court Staff Anplwaye Tribunal yo



Pral gen lòt moun ki travay pou Tribunal la kap chita nan sal tribunal la pou ede Jij la



Sak pral pase nan tribunal la?

Pa pale amwenske Jij
la di ou pou ou pale


- Jij la ap antre nan tribunal la, epi wap leve kanpe jiskaske Jij la chita
- Jij la ap di ou lè ou ka pale
- Jij la ap koute istwa w la epi lap koute temwen ou yo. Jij la ap tou koute moun ki fè ou mal la rakonte istwa pa li epi lap koute temwen li yo
- Jij la ap poze kesyon epi wap reponn yo
- Aprè sa, Jij la ap deside si wap resevwa yon Lòd Pwoteksyon Pèmanan



Sak pral pase nan tribinal la?

Si Jij la di WI ou pral:

- Jwenn yon Lòd Pwoteksyon Pèmanan
- Lapolis nan tribinal la ap bay papye sa imedyatman aprè odyans lan fini
- Kenbe yon kopi avèk ou tout kote ou prale
- Kenbe yon kopi lakay ou



**Di fanmi ou
ak zanmi
ou ke ou
gen yon lòd
pwoteksyon**

Si Jij la di NON, wap toujou kapab:

- Jwenn èd nan CVAC oswa MUJER epi suiv plan ou pou ou rete ansekirite
- Mande èd sa nenpòt ki moman si menm moun nan fè ou mal ankò



**Ale nan yon refij
si ou pa santi ou
ansekirite lakay ou**

Nimewo enpòtan yo

**Rele depatman sa a lè wap tcheke sou sèvis Lòd
Pwoteksyon Tanporè a**

Biwo Pwosesis Sivil pou Lapolis nan Miami-Dade:
(305) 375-5100

**Si ou vle depoze yon dosye kriminèl kont moun ki fè
ou mal la rele:**

Biwo Avoka Eta a:
(305) 547-0150

Sant refij ki disponib si ou bezwen kite kay ou

Safespace Shelters:
(305) 285-5900

Florida Domestic Violence Hotline:
1- 800-500-1119

Pou mande yon akomodasyon nan men tribunal la

Telefòn: (305) 349-7175
Imèl: ADA@jud.11.flcourt.org

Nimewo enpòtan yo



Ajans ki ka ba ou yon avoka gratis

Dade Legal Aid: (305) 579-5733 ext. 2251

CVAC: (305) 285-5900

Ajans ki ka sipòte lòt bezwen ou yo

CVAC: (305) 285-5900

MUJER: (305) 247-1388

Rele 911 si ou gen yon ljans



Rele 911 si ou gen yon ijans epi ou bezwen èd

Se Biwo Vyolans Kont Fanm nan Depatman Jistis Ameriken ki akòde Grant No. 2020-FW-AX-K006 kap sipòte pwojè sa a. Kèlkeswa opinyon, konstatasyon, konklizyon, ansanm ak rekòmandasyon yo eksprime nan piblikasyon sila a se opinyon, konstatasyon, konklizyon, ansanm ak rekòmandasyon otè piblikasyon an epi yo pa nesesèman reflete pèspektif Biwo Vyolans Kont Fanm nan Depatman Jistis la.